

Icifuzo c'Imana ku buzima bwawe
Igice ca 1:

Intangamarara: Abavyeyi n'Abana

- Buri muvyeyi arafise indoto z'ivyo yifuza ko abana biwe boshikako.
- Abana bacu barashobora kuba isoko y'**UMUNEZERO** ukomeye gusumba iyindi canke y'**UMUBABARO** usumba iyindi.
- Data wa twese wo mw'ijuru hari ico yifuriza umwe umwe wese muri twebwe.
- Icifuzo c'Imana ni kukugira **NK'UMUHUNGU CANKE UMUKOBWA WAYO**
Matayo 5: 48, Abaroma 8: 29, Abanyefeso 4: 13
- Ico Imana yifuriza umwana wayo uwo ariwe wese ni uko yoba umwigishwa-
Umukirisu yisunga Ikete ryandikiwe **ABAROMA Igice ca 12!**

Imigenderanire 5 nyamukuru: —————> Inyishu zo muri Bibiliya dusanga mu Baroma 12

1. Imigenderanire n'Imana:**UKWIYEGURIRA Imana**

« *Nuko bene Data, ndabahanura kubg' imbabazi z'Imana, **ngo mutange imibiri yanyu ibe ibimazi bizima vyera**, bihimbara Imana, ni kwo kuyikorera kwanyu kwogira ikimazi.*»

Abaroma 12:1

2. Imigenderanire n'isi:**UKWITANDUKANYA nayo.**

« ***Ntimushushanywe n'ivy' iki gihe**, yamara **muhinduke rwose**, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy' Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose.* »

Abaroma 12: 2

3. Imigenderanire na wewe ubwawe:**UKWIYUMVIRA kuri wewe witonze**

« *Ndagira umuntu wese muri mwebge, mbgirijwe n'ubuntu nahawe, yoye kwifata ukw atari, yamara **iyumvire yitonze** nk'ukw Imana yagereye umuntu wese ukwizera. Nk'uko mu mubiri umwe dufise ingingo nyinshi, kand' ingingo zose zitagira igikorwa kimwe, natwe ni ko turi; turi benshi, kandi tur' umubiri umwe muri Kristo, umuntu wese n'urugingo rwa mugenzi we. Nuko dufise ingabire zitandukana, nk'uk' ubuntu twahawe butandukana: namba twarahawe kuvugishwa n'Imana, tuvugishwe na yo uk' ukwizera kwacu kungana; canke namba twarahawe igikorwa co mw ishengero, tugishishikare; cank' uwigisha ashishikarire kwigisha; cank' uhanura ashishikarire guhanura; ugira ubuntu, abugire ata kinubge; uganza aganzanye umwete; ugira imbabazi, azigire anezerewe.* »

Abaroma 12:3-8

4. Imigenderanire n'abizera**UGUKORERA ABANDI mu rukundo**

« Urukundo rwanyu rwoye kuba uruheyiheyi. Mwanke ibibi, **mumatane n'ivyiza; ku vyo gukunda bene Data, mukundane rwoye;** ku vy'icubahiro, umuntu wese ashire imbere mugenzi we; ku vy'ugushishikara, ntimugire urwangara; mukovye mu mitima gukorera Umwami wacu. Munezererwe kwizigira ibizoba; mwihanganire amagorwa; mushishikare gusenga; mugabanirize abera, uko bakennye; mushishikare gutanga indaro. »

Abaroma 12: 9-13

5. Imigenderanire n'Abatizera:**Kudasubiriza mu nkoko umuntu ku kibi yakugiriye, UBIFASHIJE N'IMANA**

« Ababahama mubahezagire; mubahezagire, ntimubavume; munezeranwe n'abanezerewe, murirane n'abarira. Muhuze umutima; ntimushire umutima ku bikomeye, ariko mugendane n'ivyiyoroheje. Ntimwiyite abanyabgenge. **Ntimusubirize umuntu mu nkoko ikibi yabagiriye;** mubabare gukora ivyiza imbere y'abantu bose. Namba bishoboka, mu ruhande rwanyu, mwuzure n'abantu bose. Abo nkunda, ntimwihorane, ariko muhe uburyo uburake bg'Imana: kuko handitswe, ng' Uguhora n'ukwanje, ni jewe nzobasubiriza mu nkoko, ni k'Uhoraho agize. Ariko, Umwansi wawe ni yasonza, umugaburire; ni yagira inyota, umuhe ic' anywa: kuko ni wagira urtyo, uzoba umurunzekw amakara yaka ku mutwe. **Ikibi coye kukunesha, yamara ikibi ukinesheshe iciza.** »

Abaroma 12: 14-21

Ukugabisha — Abaroma 12 Si urutonde rw'ivyagezwe dusabwa kwitondera, ariko ni inyifato ikomoka ku kwizera tugira kubwo ic'Imana yamaze gukora kubwacu.

- Abaroma 1 - 3: **ICAHA** – Ingorane yacu idutandukanya n'Imana.
- Abaroma 4 - 5: **AGAKIZA** – Inyishu y'Imana ibonekera mu gikorwa ca Yesu Kristo ku musaraba.
- Abaroma 6 - 8: **UKWEZWA** – Kubaho ubuzima bwawe bushasha kubwo inkomezi z'Imana no gukura ugasa na Yesu intambuko ku yindi.
- Abaroma 9 - 11: **UKUGANZA** – Kubaho utekanye kuko Imana iganje muri vyose kandi Ishitsa amasezerano yayo yose...

Ibibazo vyo gushira mu ngiro inyigisho ku giti c'umuntu:

1. Mbega urifuza kwakira ibintu vyose so wo mw'ijuru yaguteguriye biciye mu kuba umukirisu abayeho yisunze Abaroma igice ca 12?
2. Woba warateye intambwe ku giti cawe yo kwinjira « wese » mu migenderanire na Kristo?
3. Ni gute ukwitanga n'ukwitandukanya n'ibintu bitabereye biranga iy'isi bigutegurira kuronka ivy'Imana birushiriza kuba vyiza mu buzima bwawe?
4. Ni iyihe «ntambuko ikurikira» yogufasha gushitsa icifuzo c'Imana ku buzima bwawe?
5. Ninde yoshobora kugufasha no kugushigikira mu gihe uzoba uriko uratera iyo ntambwe?